

KONJE MALADI PEYE: SA PATWON YO BEZWEN KONNEN

Sèten patwon dwe konfòme yo avèk Lwa Vil New York sou Kantite Tan Konje Maladi Peye (Lwa sou Konje Maladi Peye) apati 1ye avril 2014. Dapre lwa a, anplwaye ki konsène yo gen dwa pou itilize konje peye a pou swen ak tretman tèt yo oswa yon manm fanmi yo.

Depatman Afè Konsomatè [Department of Consumer Affairs (DCA)] te prepare fèy sa a pou patwon yo konsènan responsablite yo anba lwa a. DCA ap fè chanjman nan fèy sa a lè li nesèsè. Tanpri sonje dat ki anba fèy la. Pou li lwa a ak Kesyon Moun Poze Souvan yo sou lwa a, ale nan sitwèb nyc.gov/PaidSickLeave.

PATWON KI DWE BAY KONJE MALADI

Kantite Anplwaye	Kantite Tan Konje Maladi pou Chak Ane Almanak	Ki Peye oswa ki Pa Peye	Salè pa Èdtan
5 èdtan oswa plis <i>Dwe travay 80+ èdtan pou chak ane almannak*</i>	Jiska 40 èdtan	Ki Peye	Salè pa èdtan regilye men pa pi piti pase salè minimòm
1-4 <i>Dwe travay 80+ èdtan pou chak ane almannak</i>	Jiska 40 èdtan	Ki pa Peye	Pa Konsène Ou
1 oswa plis travayè nan kay <i>Dwe travay 80+ èdtan pou chak ane almannak epi ou dwe t ap travay pou menm patwon an omwen 1 ane</i>	2 jou	Ki Peye	Salè pa èdtan regilye men pa pi piti pase salè minimòm

*Nòt: "Ane Almanak" vle di nenpòt peryòd 12 mwa regilye epi youn-apre-lòt yon patwon detèmine.

Nòt: Si patwon ou gen yon règleman ki la pou pèmèt anplwaye yo itilize konje maladi, règleman an dwe satisfè oswa depase kondisyon lwa a.

PATWON KI GEN ANPLWAYE KI PA KONSÈN NAN LWA A

Lwa a pa konsène anplwaye ki travay 80 èdtan oswa mwens pou yon ane almannak; etidyan ki nan pwogram federal etid pou travay; anplwaye ki gen travay yo ki konpanse avèk pwogram bousdetid kalifye; anplwaye ajans gouvènman; espesyalis terapi fizik, espesyalis ègoterapi, espesyalis kineziterapi, odyolojis ki resevwa lisans Depatman Edikasyon Eta New York si yo mande pou afektasyon travay san kontra, si yo detèmine pwòp orè travay yo, si yo gen posiblite pou aksepte oswa rejte nenpòt afektasyon yo refere yo, epi si yo touche yon salè mwayen pa èdtan, ki se omwen kat (4) fwa salè minimòm federal la; antreprenè endepandan ki pa satisfè definisyon yon anplwaye anba Lwa Travay Eta New York; mou k ap patisipe nan Pwogram Eksperyans Travay; sèten anplwaye ki depannde yon akò nan negosyasyon ant patwon ak travayè. Nan ka akò nan negosyasyon ant patwon ak travayè yo, anplwaye yo pa konsène nan lwa a si akò a renonse dispozisyon lwa a fòmèlman epi si li bay avantaj ki ka konpare. Men, pou anplwaye ki nan konstwiksyon oswa endistri manje an gwo ki konsène nan yon akò negosyasyon ant patwon ak travayè, lwa a pa aplike si akò renonse dispozisyon lwa a fòmèlman. Pou jwenn oryantasyon sou akò nan negosyasyon ant patwon ak travayè, li Kesyon Moun Poze Souvan nan sitwèb nyc.gov/PaidSickLeave.

AVI POU DWA ANPLWAYE YO

Anplwaye	Dat Yo Dwe Bay Anplwaye a Avi Alekri a
Nouvo <i>Premye moun ki anplwaye nan dat 1ye avril 2014 oswa apre dat sa a</i>	Premye jou travay
Anplwaye ki la deja <i>Anplwaye ki deja ap travay pou patwon an anvan 1ye avril 2014</i>	1ye Me 2014

Ou dwe bay chak anplwaye avi alekri sou dwa anplwaye a pou konje maladi, ansanm ak akimilasyon ak itilizasyon konje maladi, dwa pou fè yon plent, ak dwa pou pa fè vanjans kont li. Avi a dwe endike ane almannak ou, ansanm ak Dat Kòmansman ak Dat Finisman. Anplwaye yo gen yon dwa pou resevwa avi a nan lang Anglè epi, si li disponib nan sitwèb DCA, pou yo resevwa li nan lang natifnatal yo. Avi a disponib nan sitwèb nyc.gov/PaidSickLeave.

AKIMILASYON AK ITILIZASYON KONJE MALADI – DAT ENPÒTAN YO

	Ritm Akimilasyon	Dat Akimilasyon Kòmanse	Dat Konje Maladi a Disponib pou Itilizasyon
Anplwaye	1 èdtan pou chak 30 èdtan ou travay	1ye Avril 2014 (<i>Anplwaye ki la deja</i>)	30 Jiyè 2014 (<i>Anplwaye ki la deja</i>)
		Premye jou travay (<i>Nouvo anplwaye</i>)	120 jou apre premye jou travay (<i>Nouvo anplwaye</i>)
Travayè nan Kay	2 jou apre 1 ane nan djòb la	DCA ap bay oryantasyon nan sitwèb nyc.gov/PaidSickLeave	DCA ap bay oryantasyon nan sitwèb nyc.gov/PaidSickLeave

Eksepsyon: Si yon anplwaye pwoteje nan yon akò nan negosyasyon ant patwon ak travayè ki anvigè apati 1ye avril 2014, anplwaye a kòmanse akimile konje maladi li anba lwa Vil la apati dat akò a fini.

KONSÈVASYON DOSYE

Ou dwe kenbe epi konsève dosye ki montre ou konfòme ou avèk lwa a pandan omwen twa (3) ane. Ou dwe kenbe nenpòt enfòmasyon ki gen pou wè ak sante an sekre sof si anplwaye a ba ou pèmisyon pou divilge enfòmasyon an oswa si lalwa egziye ou pou divilge enfòmasyon an. Ou dwe mete dosye yo disponib pou DCA depi yo jwenn preyavi nan yon moman ou dakò nan jounen an.

PREYAVI

Si bezwen an kapab prevwa, ou kapab egziye yon anplwaye pou ba ou yon preyavi sou sèt (7) jou pou fè ou konnen entansyon li pou itilize konje maladi. Si bezwen an pa kapab prevwa, ou ka egziye yon anplwaye pou ba ou avi a imedyatman li kapab fè sa (rezonab).

DOKIMAN

Ou kapab egziye dokiman yon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans bay si yon anplwaye itilize plis pase twa (3) jou travay youn-apre-lòt kòm konje maladi. Lwa sou Konje Maladi Peye entèdi ou pou egziye pwofesyonèl swen sante presize rezon medikal pou konje maladi a. Divilgasyon enfòmasyon sa a ka obligatwa dapre kèk lòt lwa. Ou ka egziye yon anplwaye pou ba ou verifikasyon alekri ki montre anplwaye a te itilize konje maladi a pou rezon konje maladi.

KONJE MALADI KI PA ITILIZE

Yon anplwaye kapab transfere apeprè 40 èdtan konje maladi li pa itilize sou pwochen ane almannak la. Men, ou gen obligasyon sèlman pou kite yon anplwaye itilize jiska 40 èdtan konje maladi pou chak ane almannak. Ou kapab chwazi—men ou pa oblije—pou peye yon anplwaye pou konje maladi li pa pran nan fen ane almannak la. Anplwaye yo pa kapab transfere konje maladi a si ou peye yo pou konje maladi yo pa itilize EPI ou bay anplwaye a yon kantite tan konje maladi ki satisfè oswa depase kondisyon lalwa pou nouvo ane almannak la nan premye jou nouvo ane almannak la.

VANJANS

Ou pa kapab fè vanjans kont anplwaye yo poutèt yo mande oswa itilize konje maladi yo. Vanjans gen ladan nenpòt menas, disiplin, revokasyon, desann grad, sispansyon, oswa rediksyon nan kantite èdtan, oswa nenpòt lòt aksyon negatif nan travay kont yon anplwaye poutèt li egzèse oswa eseye egzèse nenpòt dwa ki garanti anba lalwa.

PLENT

Si yon anplwaye fè yon plent nan DCA, DCA ap kontakte ou pa lapòs pou jwenn repons ou alekri. Ou dwe voye yon repons ba DCA nan 30 jou.

AVI POU VYOLASYON

Si w resewva yon avi vyolasyon, w ap gen chans pou regle vyolasyon an san yon odyans oswa ka parèt devan yon jij enpasyal nan yon City tribinal.

Ou gen kesyon? Ou vle patisipe nan yon fòmasyon pou konprann lwa a?

Rele **311** (212-NEW-YORK si ou deyò Vil New York) epi mande enfòmasyon sou Konje Maladi Peye